

Konsèy sou Epay pou ki Ede Ou Kòmanse Ekonomize sou Pwòp Kont College Savings ou

Ekonomize pou avni edikatif pitit ou a pa dwe difisil! Egzaminen kèk trik ak abilte sa yo pou w kòmanse avèk pwòp college savings ou an.

Konsèy 1 Fikse yon objektif epay

Yon bon fason pou w kòmanse se gen yon objektif konsènan konbyen lajan ou vle ekonomize sou yon orè regilye. Reflechi sou sa ou ta kapab mete sou kote chak semèn oswa chak mwa, selon depans ki pi enpòtan ou yo ak priyorite ekonomi yo. Ki enkli lwaye, epis, swen sante, transpò, peye prè, oswa ekonomize pou pran retrèt.

Pou kèk moun, li mache pi byen pou yo mete sou kote yon kantite lajan chak semèn oswa sou chak chèk. Deside kisa ki pi byen mache pou ou ak fanmi ou. **Sonje, kòmanse kounye a tou piti, depo regilye pèmèt ou pran avantaj de yon gwo faktè ou gen ki jwe pou ou ki se: tan.**

Konsèy 2 Chwazi pi bon fason an pou fè depo ou yo.

Kijan ou pral fè depo ekonomi regilye ou yo? Ou pwobableman gen kèk opsyon, ki depann de patwon ou, tip de kont epay ekonomi ou, ak teknoloji ki disponib. Men kèk posibilite:

- ➔ **Depo sou entènèt:** Ale sou entènèt epi transfere lajan de kont bankè ou sou kont epay inivèsite ou chak mwa, chak semèn, oswa chak peryòd yo peye ou.
- ➔ **Dediksyon pewòl:** Mande patwon w lan si ou ka gen yon montan otomatikman ki pran nan chak chèk pèman ou epi depoze dirèkteman sou kont ekonomi inivèsite ou.
- ➔ **Transfè otomatik de kont bankè ou:** Mande bank ou si ou ka gen yon kantite lajan pran nan kont ou epi voye sou kont epay inivèsite ou chak mwa, chak semèn, oswa chak peryòd pèman.
- ➔ **Chèk oswa "money order" nan lapòs oswa depo an pèsòn:** Ekri yon chèk epi voye l pa lapòs sou kont epay inivèsite ou chak mwa, chak semèn, oswa chak peryòd pèman - oswa depoze li dirèkteman. (Depo an pèsòn yo sèlman disponib pou yon kont epay inivèsite ki louvri nan yon bank.)
- ➔ **Depo Lajan Kach an pèsòn:** Depoze lajan kach, pou w depoze sou kont epay inivèsite ou. (Sa a sèlman disponib pou yon kont epay inivèsite ki louvri nan yon bank.)

Kontinye sou pwochen paj la →

Konsèy sou Epay pou ki Ede Ou Kòmanse Ekonomize sou Pwòp Kont ou:

Konsèy 3 Pran avantaj de NYC Kids RISE Savings Match

Kòmanse lè pitit ou a antre nan NYC Kids RISE pral double pwochen 100\$ ou depoze sou kont epay inivèsite ou, dola pou dola. Sa vle di lè ou fè yon depo sou kont college savings ou an, NYC Kids RISE ap depoze menm montan sou Kont Bousdetid Vil Nouyòk nan kèk jou. Ou dwe konplete tout twa Eleman Ki Konstitiye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pou ou kapab kalifye pou Double Epay (Saving Match) lan. Chak timoun kapab jwenn jiska 100\$ rekonpans nan Savings Match. Pou konnen plis, vizite nykidsrise.org/options.

Konsèy 4 Di zanmi ak fanmi ekonomize pou inivèsite se yon priorite.

Ou pa oblije fè sa poukont ou. Si gen granparan, matant, tonton, kouzen, oswa zanmi ki vle ede ou ekonomize, yo ka kontribye tou nan kont epay inivèsite pitit ou a. Yo ka fè yon depo pou yon anivèsè nesans, yon jou ferye, oswa nenpòt lè. Si ou deside ouvri yon kont 529, Ugift® rann li pi fasil pou yo depoze lajan dirèkteman sou kont epay pou inivèsite pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, konsilte *Kijan zanmi ak fanmi kapab ede ou ekonomize*.

Konsèy 5 Pale ak yon pwofesyonèl finans gratis

Pou sipò yon tèt-a-tèt pou fè yon plan pou ekonomize epi rete soude ak li, enskri pou konsèy finansye gratis e konfidansyèl nan yon Sant Ranfòseman Finansye Vil Nouyòk. Gen plis pase 20 Sant Ranfòseman Finansye (Financial Empowerment Center) atravè vil la ou kapab vizite an pèsòn oswa sou entènèt. Pou pran yon randevou, rele 311 oswa vizite nyc.gov/dca.

Konsèy 6 Pran avantaj sou peryòd enpo

Ou te konnen ou ka divize yon pati nan pèman enpo apati de kont epay pou inivèsite w la? Peryòd enpo se yon bon okazyon pou mete de kote yon pati nan pèman enpo w la vè objektif alontèm tankou ekonomize pou inivèsite. Si ou genyen pi ba pase yon sèten revni ou kapab jwenn sèvis preparasyon enpo gratis. Pou plis enfòmasyon, rele 311.

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki administre pa NYC Kids RISE Inc., yon ganizasyon charitab, kian patenarya avèk Depatman Edikasyon (Department of Education) Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la. NYC Kids RISE pa ni afilye, ni yon distribitè otorize Pwogram Ekonomize pou inivèsite 529 Nouyòk (529 College Savings Program) epi li pa mande envèstisman oswa bay konsèy envèstisman. Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon konsènan, epi yo pa kontwòle, ni posede oswa afilye avèk manadjè pwogram 529 Ekonomize pou Inivèsite Nouyòk e okenn inivèsite patikilye oswa lòt envestisè, ki gen ladan sa yo ke fanmi yo ka aprann atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.